

JWENN ENFÒMASYON YO. PIKI BOUSTÈ

Vaksen COVID-19 yo efikas

Vaksen COVID-19 pwoteje kont maladi grav, ospitalizasyon, ak lanmò. Rete ajou ak vaksen COVID-19, ki gen ladann pran piki boustè w kalifye pou yo, enpòtan pou pi wo nivo pwoteksyon posib.



BOUSTÈ YO SAN DANJE

Boustè COVID-19 yo genyen menm engredyan ak vaksen orijinal yo, ki te pwouve yo san danje pou plizyè moun. Efè segondè modere yo nòmal. Efè segondè grav yo pi ra.



BOUSTÈ YO AP EDE W RETE PWOTEJE.

Boustè yo se piki w pran apre w fin totalman vaksinen yon fason pou w rete pwoteje kont COVID-19.



Boustè komen pou anpil vaksen. Pa egzanp, vaksen tetanòs mande boustè chak 10 an pou granmoun.


Syantifik yo te dekouvri ke kèk pwoteksyon vaksen diminye lè tan pase, epi yon boustè ede w rete pwoteje. Boustè COVID-19 yo travay nan menm fason an.



Kiyès ki ka pran boustè

Boustè yo bay tout moun pwoteksyon anplis, men yo espesyalman enpòtan pou moun ki genyen kondisyon sante, travay, oswa sityasyon lavi ki vle di yo nan pi gwo risk pou trape COVID-19 oswa vin malad grav.

Boustè yo gratis pou tout moun kèlkeswa estati w ak imigrasyon, oswa ke w gen yon asirans sante oswa yon pyès Idantifikasyon.



JWENN PLIS PWOTEKSYON TOUJOU

Meyè fason pou pwoteje fanmi w, kominote w ak tèt ou kont COVID-19 se rete ajou ak vaksen yo. Lè w ajou sa vle di pran de dòz yon vaksen ki genyen de piki, epi answit pran nenpòt piki boustè w kalifye pou li.

Kontinye mete mask, pratike distans sosyal, epi rete lakay ou lè w malad pou w pwoteje tout moun.

**PWOTEJE TÈT OU. PWOTEJE KOMINOTE W.
PRAN VAKSEN.**